# Гом урочы пълан ирон æвзагæй
# ( лæмæгъ къорды)

Урочы темæ :

# «Адæмон сфæлдыстад»

5-æм кълас

Ахуыргæнæг:
Чехойты С.О.

**Дзæуджыхъæу**
**15.12.2018 аз**

*Урочы темæ:* ***«Адæмон сфæлдыстад»***

*«Грамматикон темæ**:*** ***« Номдарты хауæнтæ***

***Урочы нысантæ:***

1. Адæмон сфæлдыстады хуызтимæ базонгæ кæнын ахуырдзауты.
2. Лæмбынæг æрдзурын номдартыл иртæстон хауæныл.

2. Ныхасы рæзтыл бакусын.

3. Хъомыл кæнын царды раст уæвынмæ тырнындзинад.

***Урочы фæлгонц:*** дзырдбыд, интерактивон фæйнæг,

текстытæ, карточкæтæ, чиныг.

1. **Организацион хай.**
   –Уæ бон хорз!
   Œгас цу!
   Сбадут!

   **Мах рæсугъд сбадтыстæм**
   **Тынг лæмбынæг хъусæм,**
   **Партæйыл нæ чингуытæ,**
   **Мах цæттæ стæм, кусæм**.

   - Уæдæ, райдайæм кусын. – Абон кæцы нымæц у? Къуырийы бонтæй та кæцы бон у?
   Раттын алыхуызон фарстытæ*:*
   ***Цал азы дыл цæуы? Кæм цæрыс? Кæцон дæ? Дæ телефоны номыр куыд у? Де мбалы телефоны номыр та куыд у? Дæ фатеры номыр…*Афæдзы афонтæй кæцы афон у?**
   ***(Ахуырдзаутæ дæр кæрæдзимæ дæттынц фарстæтæ)***
   (**ЗЫМŒГ**) (СЛАЙД №1 )– Зымæджы ныв.
   Дзырдтæ:**уа<u>з</u>ал, урс дарæ<u>с,</u> даргъ, <u>ц</u>ыбыр, миты <u>хъ</u>æпæнтæ,<u> с</u>алд.**
   Ах-æг: Ацы дзырдтæ спайдагæнгæйæ саразут цалдæр хъуыдыйады.
   ( Ахуырдзауты дзуаппытæ).

2. **Фонетикон зарядкæ.** Бакусæм тагъддзуринагыл: Мыртæ (**Х), (ХЪ)(КЪ) раст дзурыныл архайын**
   (СЛАЙД)
   **ТŒРХЪУСЫ ХУЫСТ - ХЪИЛХЪУСŒЙ**
   **ХŒЛŒРТТЫ ХŒРД - ИУ КЪУСŒЙ**
   (сфæлхат кæнын тагъддзуринаг цалдæр хатты.)

3. **Аудировани.** – Ныртæккæ уын бакæсдзынæн худæг хабар. Лæмбынæг мæм байхъусут.(бакæсын чысыл худæг хабар, тесты хуызы сбæрæг кæнын ахуырдзауты дзуæппытæ)
   **Раст у æви нæу? …**

4. **Бакæсæм хъуыдыйæдтæ**. (экраныл СЛАЙД) **<u>Саг </u>** у рæсугъд цæрæгой**.** **<u>Уасæг</u>** зарджытæ кæны. **<u>Карк</u>** у хæдзарон маргъ. Гыццыл Сослан бирæ уарзы **<u> айк</u>** хæрын. Баба мæ сахуыр кодта <u>тæскъ</u> бийын. Нана цæхæрадонæй æрбахаста **<u>булкъ.</u>**

Сæвæрут саудæрæй фыст дзырдтæ гуырынон, дæттынон æмæ иртæстон хауæны.

**Саг –**

**Уасæг-**

**Карк-**

**Айк-**

**Тæскъ-**

**Булкъ-**

5. Хæццæгонд дзырдтæй бафæлварæм хъуыдыйæдтæ саразын, афыссын сæ тетрæдты. (СЛАЙД)

***МАД, НЫВ КÆНЫ, АХОРÆНТÆЙ, ЛÆППУ, РЫГЦЪИРÆНÆЙ, БАЛХÆДТОН,ÆЗ, НЫВÆФТЫД, ÆМБЫРД КÆНЫ, САБИ, БЫРÆТТÆ, ЧИНЫГ, ХЪАЗЫ, ПОРТИЙÆ.***

- Иртæстон хауæны æвæрд номдартæ фæнысан кæнут.

(Æз балхæдтон нывæфтыд чиныг.

Лæппу ныв кæны ахорæнтæй.

Мад рыгцъирæнæй æмбырд кæны бырæттæ.

Саби хъазы портийæ.)

6. – Уæдæ, акæнæм дзырдуатон куыст. (райуарын карточкæтæ хъуыдыйæдтимæ)

1. **Къ æвда уары ( не останавливаясь)**
2. **Дадайыл ис (войлочная шляпа).**
3. **«Ротозей!».- фæхъæр кодта мад й æ фыртыл.**

1. **(Всегда) хъусын хъæуы хистæртæм.**
2. **Алы райсом дæр хъæуы хæрын (завтрак).**
3. **Нана мын балæвар кодта (иллюстрированный) чиныг**.

(Чи раздæр ныффысса йæ куыст, уыдон сбæрæг кæндзысты иннæ куыстытæ дæр æмæ сын аргъ кæндзысты).

7. –Уæдæ,адæмон сфæлдыстадмæ хауы ноджы…цы?

( Хæдзармæ куыст - **уыци-уыцитæ)**

Базонут-ма йæ ,***уый у зонды суадон***. (чиныг).

***У бур æмæ тымбыл,зайы цæхæрадоны*** (нас).

-Сымах дæр ма æрхъуыды кæнут уыци-уыцитæ.

(ахуырдзаутæ кæрæдзийæн дзурынц уыци - уыцитæ).

8. **Сбæрæг кæнæм нæ хæдзармæ куыст.**

Œз райдайдзынæн æмбисæндтæ,сымах сæ адарддæр кæнут.

**Зивæггæнаджы гуыл…**(хомæй баззад)

**Сырддонцъиу…** (дæр ма йæхи взагыл зары)

**Адæмы цæст**..(дардмæ уыны)

**Хорзæн йæ митæ**…( йе вдисæн)

**Мады зæрдæ**…(зонаг)

**Чиныгæн … (**аргъ кæн)

-Œцæг,чиныгæн аргъ кæнын хъæуы. Куыд дарын хъæуы чиныг та?

**(скæнын физминуткæ – хъазт «æмбæхст дзырд»**

9. Уæдæ,куыд базыдтам,афтæмæй адæмон сфæлдыстадмæ хауы…(баххæст кæнын кроссворд дзырдтæй)

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æ | | | |
| | | | | т | | м | | | |
| | | а | хъ | а | | б | | | к |
| | | д | æ | гъ | у | и | | з | а |
| с | ф | æ | л | д | ы | с | т | а | д |
| | | м | дз | дз | ц | о | а | р | æ |
| | | о | æ | у | и | н | у | æ | г |
| | | н | г | р | у | д | р | г | |
| | | | н | и | ы | | æ | | |
| | | | ы | н | ц | | гъ | | |
| | | | х | а | и | | | | |
| | | | а | г | | | | | |
| | | | с | | | | | | |

10. Œркæсæм Нарты кадджытæй иу «**Сырдоны хæрæг»-мæ.** Бакæсæм æй.(Фыццаг æй кæсы ахуыргæнæг,бацамонын ног дзырдтæ.

**Хæрæггур =хæрæг+курын (осел+просить)**
**Уæлæсых =уæллаг +сых(аг)(верхнее+село**
**Æууæндын (доверять)**
А)Ахуырдзауты кастмæ байхъусын,
Œ)Рольтæм гæсгæ бакæсын.
Б) Раттын фарстæтæ: Хæрæг куырдтой (кæмæй?)
Сугтæ ластой (кæцæй?)
Хæрæг ныууасыд (кæцæй?)

11. Ахуырдзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ урочы тыххæй:
Мæ зæрдæмæ фæцыд…
æз абон базыдтон…

12. **Хæдзармæ раттын текст** аив кæсын,рольтæм гæсгæ дзурын.
**13.** Ахуырдзауты æвæрд бæрæггæнæнтæм гæсгæ **хатдзæгтæ скæнын.**